

SS.7.C.2.12

Devlope yon plan pou rezoud pwoblèm yon eta oswa gouvènman lokal la nan fè rechèch sou lòt règleman piblik, idantifye ajans gouvènman ki apwopriye nan abòde pwoblèm lan, ak pou detèmine sak pou fèt.

Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.

SS.7.C.2.12 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap idantifye ajans gouvènman ki apwopriye a pou rezoud pwoblèm espesifik

Nan peyi Etazini, federal, eta, ak gouvènman lokal yo dakò ke kreye **règleman piblik** ede yo ranpli responsablite yo, tankou pwoteje dwa moun yo ak fè pwomosyon pou byennèt pèp la. Gen kèk règleman piblik ki vin lwa te pase nan lejislati. Moun ka jwenn lòt règleman nan règ ak lalwa ke branch egzekitif gouvènman an te kreye, ki responsab pou egzekite ak ranfòse lwa yo.

Gouvènman eta ak lokal yo pi pre pèp la pase gouvènman federal la. Epitou, anjeneral lavi kotidyen sitwayen yo plis afekte nan règleman piblik lokal ke yo afekte ak règleman federal yo.

Sa yo se egzanp ajans gouvènman ki apwopriye pou abòde pwoblèm eta a oswa lokal la:

Gouvènman Florid la

Pwoblèm	Demann Règleman Sitwayen	Ajans ki Responsab la
Yon votè kap eseye pou vote nan yon eleksyon aprè tout biwo vòt eleksyon yo fèmen. Biwo vòt yo fèmen nan 7pm e votè yo te rive nan biwo vòt la de zè de tan anreta.	Elektè a ekri lejislati eta a pou mande pou biwo vòt eleksyon an pwolonje pou de zè de tan nan Jou Eleksyon an.	Depatman Divizyon Eta Eleksyon nan Florid (<i>Florida Department of State Division of Elections</i>)
De bato fè kolizyon sou rivyè St Johns lan.	Sè youn nan operatè bato yo ekri lejislati eta a pou mande pou operatè bato yo dwe pran yon klas sou sekirite bato.	Pwason Florid ak bèt Sovaj Komisyon Konsèvasyon (<i>Florida Fish and Wildlife Conservation Commission</i>)
Yon kiltivatè jaden zoranj konsène ke lavant fwi sitrik yo ap desann chak ane.	Kiltivatè jaden zoranj yo ale nan yon reyinyon piblik nan Komisyon Sitrik Florid la pou mande ke li finanse yon kanpay enfòmasyon piblik sou benefis sante ke ji zoranj genyen.	Komisyon Sitrik Florid la (<i>Florida Citrus Commission</i>)

Gouvènman Lokal la

Pwoblèm	Demann pou Règleman Citwayen	Ajans ki Responsab la
Yon mèt kay ki gen pwoblèm ke chen vwazen an ap jape tout lannwit.	Mèt kay la ekri komisyon distri a pou mande ke komisyon an pase yon lwa kont chen kap jape ant 7pm ak 7am.	Distri biwo pou sèvis bèt biwo (<i>County animal services office</i>)
Yon elèv lekòl segondè konsène ke elèv lekòl segondè parèy li yo pa fè byen sou Fen Istwa Kou Egzamen Etazini an.	Elèv la fè yon demann fòmèl nan pwochen reyinyon konsey pou lekòl lokal, mande pou finanse yon pwogram leson patikilye aprè lekòl pou ede elèv yo prepare pou Fen Istwa Kou Egzamen Etazini an	Komisyon Konsey Lekòl Lokal (<i>Local school board</i>)
Yon moun ki ap viv nan yon apatman konsène ke sourit, rat, ak ravèt ap rantre nan panyen fatra e kreye yon pwoblèm sante.	Rezidan apatman an fè yon demann fòmèl nan pwochen reyinyon konsèy vil la pou mande yo vin chèche fatra nan apatman an yon fwa anplis nan semèn lan (gwoup nan apatman yo).	Depatman sanitasyon pou fatra lokal yo (<i>Local waste and sanitation department</i>)

biwo vòt eleksyon – kote pou vote kote lè Jou Eleksyon an

règleman piblik - aksyon gouvènman nan fòm lalwa, règ, oswa règleman

Sous

Birkland, Thomas A. "What is public policy?". *New.Civiced.org*. The Center for Civic Education, 2011. Web. 11 March 2014.

<<http://new.civiced.org/pc-program/instructional-component/public-policy>>

Project Citizen. *New.Civiced.org*. The Center for Civic Education, 2014. Web. 11 March 2014.

<<http://new.civiced.org/resources/curriculum/lesson-plans/458-we-the-people-project-citizen>>